Vaksen se pa pou timoun sèlman.

Tout granmoun bezwen pran vaksen pou pwoteje tèt yo tou!

Tout konplikasyon maladi timoun pote ka vini yon pi gwo pwoblem pou granmoun. Tchéké ak dòktè nou pou konnen si ou pran tout vaksen ou bezwen.

Men lis vaksen ki rekòmande si ou se granmoun ki gen plis ke 19 tan:

- Tetanòs-difteri-koklish: Ou dwe pran yon dòz vaksen kont Tetanòs-difteri-koklish (Tdap) ansanm ak yon lòt dòz rapèl tetanòs-difteri chak 10 zan.
- Papiyomaviris imen: Ou dwe pran 3 dòz vaksen papiyomaviris imen (HPV) ant 11 zan e 26 zan.
- Lawoujòl-malmouton-ribeyòl (lawoujòl alman): Ou dwe pran yon dòz vaksen kont lawoujòl-malmouton-ribeyòl (MMR) si ou se yon granmoun ki fèt apre 1956, si ou pat pran-l deja lè ou te timoun oswa ou pat soufri ak maladi sa yo.
- Varisèl: Ou dwe pran 2 dòz vaksen kont varisèl (lagratèl) depi ou se yon granmoun epitou ou pat jan te pran vaksen sa anvan, ni ou pat janm gen lagratèl.
- Grip: Ou ka pran vaksen chak ane pou pwoteje-w kont grip chak epòk ivè.
- Nemokoksik: Ou dwe pran yon dòz vakzen kont polisakarid nemokoksik (PPSV23) si ou se yon granmoun ki gen 65 kan ou plis oswa si ou gen sèten pwoblem sante kwonik.
- Èpès Zostè: Ou dwe pran yon sèl dòz vaksen kont èpès Zostè (Zona) si ou se yon granmoun 60 tan ou plis, kit ou te genyen-l deja ou non (VZV).

Lis vaksen ke yo rekòmande pou sèten granmoun:

Si ou se yon granmoun ki pat pran tout dòz vaksen ke yo rekòmande ya, ou dwe pran vaksen sa yo:

- Epatit A
- Epatit B
- Menengokok (MCV4)

PARA MÁS DETALLES, LLAME AL 1-877-888-7468 O VISITE WWW.IMMUNIZEFLORIDA.ORG.

Florida HEALTH

Vaksinasyon Florida. Se proteje lasante.

PHAB Accredited Health Department
Public Health Accreditation Board